

# Ненан хаза йо1

**Дитта г1аш дегош арахь мох баьлчи,**
**Цу рег1ан басенца жа ловза даьлчи,**
**Поппах букъ тоьхна ас ойла а йичи,**
**Хьо ган сагатало, ненан хаза йо1.** **2р**

**Малх д1алеч1къина, суьйре т1ееъчи,**
**Къилбаседа стиглахь гуча а баьлчи,**
**Жа жоьлахь парг1ат даьккхина со ваьлчи,**
**Хьо ган сагатало, ненан хаза йо1.** **2р**

**Букар дарц хьийзош мох карзах баьчи,**
**Цу хьанний къоргаллехь меца борз уьг1чи,**
**Жа лардеш дуьйлуш сан герз а хилчи,**
**Хьо ган са гатало, ненан хаза йо1.** **2р**

**Вертанах хьерчаш со аг1ор ваьлчи,**
**Набартар тесна г1ан-набарш гича,**
**Соьга ян кечлуш хьо сайна а яйчи,**
**Хьо ган са гатало, ненан хаза йо1.** **2р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)